



Pwojè Ranplasman Pon Beades la

Kisa k ap pase?

MassDOT ap òganize yon reyinyon piblik an dirèk, fasafas, pou bay kominote a opòtinite pou li byen konprann pwojè yo pwopoze a pou ranplase Pon John J. Beades la, ki pote Morrissey Boulevard sou Dorchester Bay nan katye Savin Hill la nan vil Boston, Massachusetts. Menm si pon ki la a toujou san danje pou tout moun ki itilize l yo, estrikti a rive nan fen dire itilite l, epi yo dwe ranplase l pou garanti moun ka kontinye travès Boston Harbor san danje kèlkeswa mwayen transpò yo itilize.

Kijan sa a pral afekte w?

Pwojè yo pwopoze a gen ladan l rekonstriksyon Pon Beades la. Yo prevwa bati yon pon k ap dire yon ti tan epi fèmen pasaj navigasyon ki anba pon an pandan y ap fè kèk pati nan pwojè ranplasman an. Yo pral kowòdone nenpòt fèmte pasaj navigasyon an ak marin lokal yo, Inite Marin Lapolis Boston nan, ak Gad Kòt Etazini an. Yo pral egzamine epi pran an konsiderasyon tout opinyon ak kòmantè yo bay pandan reyinyon an plis posib.

Kilè

Madi 16 Desanm 2025
6:00 PM

Ki Kote

Boston College High School,
Cadigan Hall
150 Morrissey Boulevard
Boston, MA 02135



Ale sou www.mass.gov/orgs/highway-division/events pou ou jwenn plis enfòmasyon oswa pou ou gade anrejistreman prezantasyon an si ou pa kapab patisipe nan reyinyon an.



Pou MassDOT garanti tout moun konprann reyinyon li yo, li bay sèvis tradiksyon, entèprèt, modifikasyon, aranjman, lòt kalite fòma, ak èd ak sèvis oksilyè. Pou ou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte Responsab Divèsite ak Dwa Sivil MassDOT la nan 857-368-8580 oswa voye yon imel ba li nan MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou yo ka gen ase tan pou yo trete demann sa yo, tanpri fè demann yo pi bonè posib, li ta pi bon pou ou fè yo 10 jou anvan evènman an.

Ou ka voye kesyon sou pwojè yo tou pa imel bay MassDOTMajorProjects@dot.state.ma.us. Tanpri voye tout deklarasyon alekri ki gen rapò ak pwojè yo pwopoze a bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: Major Projects, PROJECT FILE NO. 613130**